

**CAMPUR KODE BASA JAWA DIALEG SUROBOYOAN SAJRONE MEDHIA SOSIAL
INSTAGRAM @TUMBLRSUROBOYO**

E-JOURNAL



**Dening:
OKTAVIA WAHYUNING HARWATI
16020114068**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

2020

**CAMPUR KODE BASA JAWA DIALEG SUROBOYOAN SAJRONE MEDHIA SOSIAL INSTAGRAM
@TUMBLRSUROBOYO**

Oktavia Wahyuning Harwati

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
oktaviaharwati16020114068@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S. S., M. Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Dialek Suroboyoan akeh digunakake dening masyarakat kutha Surabaya wiwit mbiyen, nanging ing jaman saiki uga akeh masyarakat kutha Surabaya kang nyampur dialeg Suroboyoan karo basa liyane kanthi nyisipake menyang tembung-tembung basa Jawa. Kedadeyan iki bisa nuwuhake campur kode. Campur kode yaiku panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur-unsur basa siji menyang basa liyane. Kahanan basa ing medhia sosial kerep ditemokake tembung kang campur luwih saka sabasa. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo ngasilake dheskripsi ngenani wujud, sebab, lan fungsi campur kode. Teori campur kode kang digunakake ing panliten iki awujud metu lan menjero. Panliten iki kalebu jinise panliten dheskriptif. Sumber dhata kang digunakake, yaiku medhia sosial ing akun instagram @tumblrSuroboyo. Metodhe dokumentatif digunakake kanggo ngumpulake dhata kanthi teknik nyatet, dene metodhe dheskriptif komparatif digunakake kanggo nintingi dhata. Asil panliten iki arupa dheskripsi wujud campur kode kayata tembung, frasa, lan klausa kang dumadi saka 144 kedadeyan ing basa Indonesia, basa Jawa dialeg Suroboyoan, lan basa akang (basa Inggris). Dheskripsi sebab anane campur kode, kayata amarga ngenalake budaya, pamilihing tembung kang gampang, watesan padhanan tembung, lan pengalusan tuturan. Dheskripsi fungsi campur kode, yaiku nunjukake intelektual, ngajeni mitra tutur, negesake samubarang pamikir, lan bangkitake rasa humor.

Tembung Wigati: campur kode, dialeg Suroboyoan, medhia sosial, instagram.

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Manungsa nduweni alat kanggo komunikasi kang diarani basa. Basa kuwi digunakake saben dina kanggo interaksi karo lingkungan sosiale. Basa wis mesti saben dina digunakake kabeh manungsa kang ana ing donya iki kanggo komunikasi lan interaksi marang sapa wae kang arep diajak komunikasi. Linguistik ngandharake menawa basa kuwi minangka objek linguistik (Verhar, 2016:6). Lumantar basa manungsa bisa mangerteni apa wae kang dijlentrehake marang wong kang diajak komunikasi. Dadi manungsa ora bisa dipisahake karo basa, amarga tanpa basa manungsa ora bisa komunikasi lan interaksi kang wigati sajrone panguripane manungsa kang nggambarake etos lan karakter pribadhi sarta ukuran budaya masyarakat bangsa (Basir, 2010:3).

Nababan (1988:27) ngandharake yen “masyarakat Indonesia mujudake masyarakat kang bilingual (dwibasa) kang nguwasani luwih saka siji basa yaiku basa dhaerah, basa Indonesia, lan basa akang”. Masyarakat kang dwibasa mesti

nindakake kontak basa saengga bisa nuwuhake campur kode. Campur kode, yaiku nyampure loro basa utawa luwih sajrone nindakake komunikasi (Nababan, 1989:28). Wong kang nguwasani loro basa utawa luwih bisa gunakake pawongan kuwi kanggo komunikasi. Salah sijine masyarakat Indonesia kang bisa nguwasai loro basa utawa luwih, yaiku masyarakat Surabaya. Masyarakat Surabaya bisa nguwasai luwih saka siji basa yaiku basa Indonesia, basa Jawa, lan basa Jawa dialeg Suroboyoan.

Adhedhasar babagan kasebut basa Jawa dialeg Suroboyoan narik kawigaten kanggo diteliti kanthi nggunakake tindingan campur kode. Campur kode mujudake sawijine kajian ing cabang linguistik. Campur kode ngandharake salah sijine tindak tutur basa kang nyampur loro basa utawa luwih ing salah sijine kahanan. Panliten basa Suroboyoan iki nggunakake dhata-dhata tulis kang ana ing salah sijine medhia sosial instagram, amarga dhata-dhata tulis kuwi nduweni struktur kang luwih jangkep tinimbang dhata-dhata lisan.

1.2 Uderan Panliten

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur kang wis diandharake, bisa dijupuk punjering panliten :

1. Kepriye wujud campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo?
2. Kepriye sebab anane kedadeyan campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instgaram @tumblr_suroboyo?
3. Kepriye fungsi campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo?

1.3 Ancas Panliten

Ancas panliten iki kanggo ngandharake lan njlentrehake babagan-babagan kaya mangkene:

1. Ngandharake lan njlentrehake wujud campur kode kang ana sajrone basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo.
2. Ngandharake lan njlentrehake sebab anane campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo.
3. Ngandharake lan njlentrehake fungsi campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo.

1.4 Paedah Panliten

Asile panliten iki diajab nduweni paedah teoretis lan paedah praktis kaya mangkene.

1.4.1 Paedah Teoretis

Asil panliten iki menehi paedah teoretis tumrap basa Jawa sajrone bidhang studi ilmu sintaksis.

1. Kanggo studi linguistik

Asil panliten iki nduweni paedah ing bidhang linguistik utamane ngenani studi ilmu sintaksis. Bidhang Sintaksis iku dumadi saka jenis tembung, jenis frasa, jenis klausa, wujud ukara, lan jenis ukara.

2. Kanggo studi sosiolinguistik

Panliten basa Jawa dialeg Suroboyoan iki bisa nambahi variasi basa kang wis ana lan nambahi sesurupan ngenani wujud, sebab, lan fungsi anane basa Jawa dialeg Suroboyoan.

1.4.2 Paedah Praktis

Asil panliten iki menehi pisumbang praktis, yaiku dadi materi sajrone kuliyah ilmu sosiolinguistik. Panliten iki dadi sumber pangrembakane materi pasinaon ing sekolah apadene masyarakat.

1.5 Wewatesane Panliten

Panliten iki nduweni wewatesan, yaiku basa dialeg Suroboyoan kang awujud ukara basa Jawa

kang dicampur karo basa Indonesia lan basa liyane sajrone medhia instagram @tumblr_suroboyo.

1.6 Panjlentrehe Tembung

1. Campur kode : Panganggone rong basa utawa luwih kanthi cara nglebokake unsur-unsur basa siji menyang basa liyane.
2. Instagram : Salah sijine aplikasi akun akun kang ngandharake ngenani pangguna kanggo nggunakake (jupuk foto, mbagiakake foto, video lan nulis status) menyang liyan lewat maneka layanan akun.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Panliten saemper kang uga ngenani campur kode (1) Eka Mahdayanti (2013) mahasiswa Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Yogyakarta kanthi irah-irahan “Campur Kode Berbahasa Jawa Anak Usia 3-5 Tahun di Kelompok bermain Aisyah Permata Hati Sleman”. Panliten iki kalebu panliten deskriptif. Tujuwan panliten iki kanggo mangerteni wujud campur kode kang ana sajrone cecaturan bocah umur 3-5 taun. Teori kang digunakake kanggo panliten iki yaiku teori campur kode kang awujud ke dalam lan ke luar. Asil panliten iki awujud jenis-jenis campur kode basa Jawa kang ana ing bocah umur 3-5 taun ing kelompok bermain Aisyah Pertama Hati, Sleman kang arupa campur kode ke dalam lan ke luar kang awujud sisipan tembung lingga, tembung andhahan, frasa lan kagkatan

Panliten kang uga nliti ngenani campur kode (2) Dyah Atiek Mustikawati (2016) mahasiswa Universitas Muhammadiyah Ponorogo. Panliten kang diteliti kanthi irah-irahan “Campur Kode Antara Penjual dan Pembeli (Analisis Pembelajaran Sosiolinguistik)”. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo ngandharake wujud campur kode tartamtu kang ditemokake sajrone kegiatan dol-tinuku ing Pasar Songgolangit, Ponorogo sarta faktor panemtu kang mangaribawani kedadeyan campur kode. Teori saka panliten iki yaiku teori alih kode lan campur kode kang diandharake Suwito. Asil panliten iki nuduhake menawa sajrone kegiatan dol-tinuku ing pasar Songgolangit ana kedadeyan campur kode kang awujud campur kode basa Jawa lan basa Indonesia. Panggunane basa Jawa luwih akeh sajrone kegiatan mau. Faktor panemtu anane campur kode yaiku anane kebiasaan panutur lan mitra tutur nggunakake basa kang luwih akeh mau.

2.2 Sosiolinguistik

Sosiolinguistik minangka ilmu antardisiplin antarane sosiologi lan linguistik, rong bidhang ilmu empiris kang gegayutan kuwat banget lan ora bisa uwal. Amarga

akehe basa ing donya iki ndadekake sosiolinguistik terus tuwuh.

2.2.1 Konsep Sosiolinguistik

Sajrone panliten iki dijlentrehake babagan sosiolinguistik, yaiku cabang ilmu basa kang gegayutan karo kedadeyan bebrayan minangka salah siji lembaga sosial. Hudson njlentrehake yen istilah sosiolinguistik ditegesi minangka salah siji kajian ngenani basa sajrone sesambungane basa minangka piranti kanggo sesambungan sajrone masyarakat (Basir, 2010: 7). Sajrone konteks iki cetha panggonane pemahamane basa sajrone dhaerah kang luwih *funksional*, yaiku basa minangka piranti kanggo sesambungan marang bebrayan. Mula saka kuwi, kabeh jinis medhia komunikasi asipat *verbal* (omongan lan tulis) utawa *nonverbal* (basa simbol) kang luwih asipat *paralinguistik* lan umum kanggo ing bebrayan uga kalebu sajrone sosiolinguistik. Sawetara kuwi Fishman sajrone Basir (2010:8) ngandharake yen sosiolinguistik sacara luwih gamblang lan jembar gegayutan karo *komunikasi* sosial ing tataran bebrayan. Yen sosiolinguistik kuwi peranganane ilmu linguistik kang nyinaoni titikan lan jinise basa sarta sesambungane panutur, tuturan lan fungsi sajrone bebrayan. Panemu liyane Kridalaksana sajrone Chaer (2004:3) ngandharake yen sosiolinguistik minangka kawruh kang nyinaoni titikan lan maneka warna variasi basa, sarta gegayutan ing antarane para ahli bahasa titikan wujud basa iku ana ing sawijine masyarakat basa.

2.3 Kedwibasan

Definisi kedwibasan bisa ditegesake menawa kedwibasan mujudake panguwasan loro basa utawa luwih sajrone komunikasi. Sajrone masyarakat kang *bilingual* (dwibasan) ana ing kedadeyan kontak antarane basa kang sepisan lan basa liya. Kondisi kang kaya mangkene bisa nuwuhake panyebab anane sesambungan kang gegayutan antarane basa kang sepisan lan basa liyane. Tegese yen salah sijine panutur sajrone masyarakat tutur kang kaya mangkene ora bakal nggunakake basa siji wae kanthi murni lan ora oleh pangaribawa basa liya (Rahardi, 2001:19). Babagan kang kayak mangkene bisa nuwuhake gejala ing salah sijine studi sosilinguistik kang diarani campur kode.

2.4 Campur Kode

Miturut Chaer lan Agustina (2004:116-117) campur kode bisa arupa nyampure serpihan tembung, frasa, lan klausa ing salah sijine basa kang ana ing sajrone basa liya kang digunakake. Intine ana siji basa kang digunakake ing sajrone basa kuwi ana perangan saka basa liyane. Saperangan alasan utawa panyebab kang nuwuhake campur kode amarga ora anane ungkapan kang trep sajrone basa kang digunakake saengga perlu nggunakake tembung

utawa ungkapan liya saka basa liya (Nababan, 1993:32).

Basir (2010:80) ngandharake, kedadeyan campur kode didhasari dening saperangan alasan, ing antarane (1) anane wewatesan tembung kang padha, (2) pangaribawa pihak kaloro, (3) kurang mandhegani kode kang digunakake, lan (4) pangaribawa unsur prestise. Saben basa nduweni wewatesan cacahé tetembungan. Wewatesan kuwi bakal dirasakake nalika sawijine pawongan panutur kang wicara ing salah sijine bidhange lan dirasakake ing kabeh negara. Apa maneh pangrembakane ilmu pengetahuan kang cepet banget, mula meh saben wektu kawangun tetembungan-tetembungan kang anyar. Babagan iki kang ndadekake anane campur kode.

Campur kode dumadi, amarga nalika wicara panutur lan mitra tutur padha mangaribawani lan padha ngetrapake menyang awake dhewe. Kedadeyan iki mangaribawani wicara kang diomongake panutur lan mitra tutur. Saka kaloro pihak kang padha mangaribawani bisa dideleng saperangan alasan panutur nindakake campur kode, kayata (1) wong kaloro luwih mangerteni basane, (2) rasa pengin ngormati, (3) unsur mangaribawani utawa kanggo sawijine tujuwan tartamtu, lan (4) rasa welas.

Miturut Jendra (1991:123), campur kode kuwi nduweni titikan ing antarane:

- (1) Campur kode ora dituntut karo kahanan lan konteks wicara kaya kang ana sajrone alih kode.
- (2) Campur kode kedadeyan amarga panutur nggunakake basa ing kahanan kang ora formal.
- (3) Campur kode nduweni titikan sajrone ruang lingkup klausa ing tingkat tataran kang paling dhuwur lan tembung ing tingkat tataran kang paling cendhek.
- (4) Unsur basa sisipan sajrone kedadeyan campur kode ora mangaribawani fungsi basa kanthi mandiri nanging wis dadi siji karo basa kang wis disisipi.

Babagan iki campur kode bisa kedadeyan tanpa disadari. Panutur ing tahap sinau asring oleh kangelan saengga isih nduweni potensi campur kode amarga kabisane kang kurang sajrone nguwasani kode kasebut.

2.4.1 Wujud Campur Kode

Campur kode mujudake salah sijine kedadeyan sajrone bebaskan ing ngendi panutur nggunakake rong kode basa utawa luwih kanthi wujud sisipan kang ora nduweni fungsi dhewe. Abdul Chaer lan Leoni Agustina (2004:116-117) ngandharake wujud campur kode dumadi saka telung tataran:

- (1) Sisipan Unsur awujud Tembung

Tembung minangka satuwan basa kang paling cilik. Campur kode kang arupa sisipan tembung bisa dumadi nalika panutur nggunakake salah siji tembung saka basa liya menyang komunikasi.

- (2) Sisipan Unsur awujud Frasa

Frasa yaiku satuwan gramatikal kang arupa gabungan tembung kang asipat nonpredikatif lan wujudé arupa morfem bebas.

(3) Sisipan Unsur awujud Klausa

Klausa mujudake satuwan gramatikal kang ana sajrone tata basa. Klausa yaiku satuwan gramatikal kang arupa kelompok tembung paling saithik kasusun saka jejer lan wasesa, lan nduweni potensi kanggo dadi ukara. Klausa nduweni susunan tembung kang luwih saka frasa, nanging kurang jangkep yen arep dadi ukara. Klausa nduweni potesi dadi ukara yen klausa kuwi nduweni intonasi ing pungkasan kang kaya ana ing ukara.

2.4.2 Sebab Anane Kedadeyan Campur Kode

Campur kode kedadeyan amarga saperangan sebab. Kedadeyan panganggane rong basa utawa luwih kang beda sajrone pecaturan, kayata sawijine pawongan nggunakake basa Jawa dialeg Suroboyoan banjur nggunakake basa Indonesia, basa akang utawa basa liyane iku bisa diarani campur kode. Miturut Suwito (1983:77) adhedhasar sikap lan kebasan panutur bisa dipangaribawakake saperangan sebab kedadeyan campur kode, yaiku:

- (1) Pangaribawa peranan, pangaribawa peranan diukur saka sosial, registrasi, lan edukasional panutur. Kayata panutur nganggo basa Indonesia lan nyisipake basa kang dukung tuturan basa indonesiane bisa menehi kesan tartamtu becik babagan status sosial utawa pamulangan panutur.
- (2) Pangaribawa ragam, pangaribawa ragam diukur saka basa kang digunakake kanggo campur kode kang arep mapatake panutur sajrone hierarki status sosial. Basa kang dipilih sajrone campur kode bisa didelok saka posisi panutur sasajrone lingkungan sosiale. Panutur asli Surabaya nggunakake basa Indonesia kang sopan lan nyisipi basa Jawa krama wektu cecaturan karo wong tuwane kanggo nunjukake kelinggihane dadi anak.
- (3) Pepenginan kanggo nggambangake lan nafsirake, pangaribawa kekarepan kanggo nggambangake lan nafsirake wujud sajrone sikap panutur. Basa apa kang arep digunakake panutur sajrone campur kode nduwe pangarah kanggo panutur kang nyampurake karo unsur-unsur basa inggris bisa menehi kesan menawa panutur “wong masa saiki” nduweni pendidikan kang cukup lan nduweni hubungan kang amba.

Telung sebab anane campur kode kasebut nduweni sesambungan lan ora tumpang tindih. Becik campur kode kedalem lan campur kode keluar nunjukake pangaribawa peranan tartamtu. Panutur nduweni hubungan timbal balik karo wujud rembugan lan guna basa kang digunakake dheweke. Panutur kang nduweni latar sosial

tartamtu, cenderung nduweni wujud campur kode tartamtu. Saka pamilihe campur kode kasebut mujudake status sosial lan pangaribawa pribadine ing masyarakat. Dadi, bisa kadudut menawa sebab anane kedadeyan campur kode adhedhasar sikap yaiku (1) kanggo ngalusake ungkapan, (2) kanggo nunjukake prestise, (3) ngembangake lan ngenalake budaya anyar, yen dideleng saka kebasan yaiku (1) luwih gampang dieling/diucapake, (2) watesane tembung, lan (3) akibat utawa pakoleh kang dikekarepani.

2.4.3 Fungsi Campur Kode

Pawongan panutur nggunakne basa manut guna kang dikarepake padha karo tujuan, konteks, lan situasi. Campur kode ing umume dilakokake kanggo tujuan-tujuan iki:

- (1) Nunjukake Intelektual
Informasi sajrone gagasan kang katur saka panutur nduweni tujuan-tujuan tartamtu. Yen pawongan panutur bisa mahami kode sajrone panguwasan basa mitra tutur, panutur kasebut cenderung ndelokake kebisane.
- (2) Ngajeni Mitra Tutur
Tutur bisa kedadeyan antarane pawongan kang luwih tua karo kang luwih enom, antarane pawongan karo status sosial kang luwih dhuwur karo wong kang nduweni status sosial kang luwih cendhek, utawa antarane dhuwur lan ngisoran, campur kode kerep kedadeyan karo tujuan ngajeni mitra tutur.
- (3) Negesake Samubarang Pamikir
Kedadeyan campur kode kerep digunakake pawongan utawa penceramah menehi pamotan kanggo mitaya ke pamikire ing materi kang lagi dirembug.
- (4) Bangkitake Rasa Humor
Campur kode ing kedadeyan tartamtu dilakokake karo alih varian, alih ragam, utawa alih gaya cecaturan karo tujuan kanggo bangkitake rasa humor. Campur kode iki dilakokake sajrone wujud ilustrasi-ilustrasi utawa anekdot (Taufiq rianto sajrone Rini, 2016-4).

2.5 Dialek Suroboyoan

Dialek Suroboyoan minangka salah sawijine variasi basa ing Indonesia. Dialek Surabaya utawa luwih dikenal Basa Suroboyoan iki, yaiku dialeg basa Jawa kang dituturake ing Surabaya lan sakupenge. Dialek iki ngrembaka lan digunakake karo masyarakat Surabaya lan sakupenge. Basa Suroboyoan yaiku basa kang digunakake saben dinane masyarakat dadi wujud paseduluran siji lan liyane (Abdillah, 2007:130) ing kedadeyan kang informal (Djupri, 2008:vii).

2.6 Medhia Sosial

Dailey (2009:3) ngandharake, medhia sosial iku konten *online* kang digawe kanggo nggunakake teknologi

terbitan kang gampang diakses lan bisa diukur. Paling wigati saka teknologi iki arupa anane pergeseran kanggo mangerteni pawongan, maca lan ngirim berita lan uga nggolek informasi uga konten.

Aditya Firmansyah (2010:10) ngandharake, medhia sosial iku *situs* jejaring sosial minangka salah sawijine situs kang nduweni fungsi kanggo pelayanan uga bisa kanggo ndeleng profil, ndeleng list panganggo liyane, ngundhang lan nrima kanca kanggo gabung sajrone *situs* kasebut. Tampilan saka jejaring sosial bisa kanggo ndeleng profil panganggone kang ana idhentitas dhiri lan foto panganggone kasebut.

2.7 Instagram

Instagram minangka salah sijine akun adhedhasar teknologi kang lagi kawentar ing wektu iki. Instagram salah sijine aplikasi kang ngemot foto lan video. Instagram uga bisa dadi medhia kanggo golek kanca. Istilah kanca ing akun medhia Instagram diarani *Follower*. Instagram bisa dadi wadhah kanggo ngandharake pamikiran ngenani apa wae kang ana ing sajrone pamikire para pawongan kang nduweni Instagram. Instagram bisa nampung salah sijine kelompok kang nduweni tujuwan kanggo sinau lan meruhi babagan kang dadi tema ing sajrone kelompok iku. Sajrone medhia sosial instagram kita bisa nglaksanakake komunikasi marang wong kang dituju lumantar kegiatan *like* kang tegesi menehi tandha seneng marang apa wae kang ana ing sajrone akun mau, uga bisa kanthi cara ngewehi komentar sajrone apa kang diseleh ana ing akun mau lan uga bisa lumantar pesen sajrone medhia sosial instagram iki mau diarani *Direct Message* (DM).

2.8 Teori kanggo Panliten iki

Panliten iki nganalisis campur kode nganggo teori Abdul Chaer lan Leoni Agustina (2004:116-117) kang ngandharake wujud alih kode kaperang dadi loro, ing antarane keluar lan kedalam. Kang wujud kedalam minangka wujud saka basa dhaerah ing basa Indonesia, banjur wujud keluar, minangka wujud saka dhaerah utawa Indonesia ing basa akang.

Ing panliten iki bakal nganggo teori struktural minangka landhesan teori kanggo nliti campur kode sajrone basa Jawa Suroboyoan. Teori struktural nduweni asumsi ngenani tata makarya kanthi titikan menehi kawigaten basa ing bidhang fonologi, morfologi, saperangan sintaksis lan ora nggatekake ngenani semantik (Alwasillah, 2011:52). Teori struktural anggone nganalisis ukara nganggo teori unsur bawahan langsung yaiku metodhe analisis ukara kanthi merang adhedhasar unsur-unsur ukara.

Amarga dhata ing panliten iki nganggo basa Jawa, mula wujud kang bakal kaanalisis ing panliten iki, yaiku Jawa ing Indonesia, Jawa ing Jawa dialeg Suroboyoan lan

Jawa ing Akang. Saka asile analisis bakal diandharake ngenani campur kode awujud tembung, frasa lan klausa sajrone dhata kang ana ing medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo.

METODHE PANLITEN

3.1 Titikane Panliten

Titikane panliten iki diperang dadi loro bisa katiti priksa adhedhasar jinise panliten lan sipate panliten. Panjlentrehan kang luwih jangkep bakal diandharake ing ngisor iki:

3.1.1 Jinise Panliten

Panliten iki arupa linguistik dheskriptif. Yaiku nggunakake dheskriptif lan kualitatif. Panliten iki diarani dheskriptif amarga nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani morfologis, sintaksis, lan semantik, lumrahe awujud gramatikal utawa variable (Kridalaksana, 2008:47). Panliten iki diarani kualitatif amarga panliti bisa mbiji sawijine kahanan nduweni kuwasa kanggo nemtokake samubarang jumbuh karo punjere panliten.

3.1.2 Sipate Panliten

Panliten iki kalebu jinise panliten sinkronis, amarga basa kang ditliti ing panliten iki arupa basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Miturut Mahsun (2012:117) panliten sinkronis, yaiku panliten basa kanthi fenomena-fenomena ing salah sijine basa sajrone wektu tartamtu. Panliten basa kanthi sipat sinkronik, yaiku panliten kang ditindakake kanthi ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara kang ditindakake, yaiku nyiyapake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asile panliten. Panliten iki bakal njlentrehake ngenani wujud lan fungsi campur kode sajrone basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo.

3.2 Ubarampe Panliten

Ubarampe panliten iki diperang dadi telung, yaiku (1) sumber dhata, (2) dhata panliten, lan (3) instrumen panliten.

3.2.1 Sumber Dhata

Sudaryanto (1993:3) ngandharake yen sumber dhata, yaiku bab apa wae kang bisa ngasilake dhata kang dikarepi. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo. Medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo bisa diarani sumber dhata amarga sakabehane dhata kang arupa caption ing postinganne ana kedadeyan campur kode. Panliten iki jupuk caption ing postinganne wiwit 28 Juli 2019 nganti wulan 15 Desember 2019. Postingan kasebut ngamot bab pitutur lan humor, kuwi kang bakal dijlentrehake ing panliten iki.

Medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo kalebu akun ing medhia sosial instagram kang lagi misuwur lan wiwit ana ing taun 2015 kanthi postingan kaping pisan yaiku tanggal 3 Nopember 2015. Akun kasebut ana ing jagading maya kurang luwih wis limang taunan. Medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo nduweni followers yaiku ana 247 ewu medhia sosial instagram. Akun iki saben dinane ngupload postingan kang ngamot bab humor, pitutur, lan iklan. Basa kang dianggo ing akun kasebut yaiku campuran basa Indonesia, basa Jawa, basa Jawa dialeg Suroboyoan, basa akang (Inggris).

3.2.2 Dhata Panliten

Dhata panliten iki kaperang dadi rong werna, yaiku dhata dhasar lan dhata panyengkuyung. Dhata dhasar yaiku dhata kang dijlentrehake. Dhata panyengkuyung kuwi dudu dhata kang dijlentrehake ing dhata kang digunakake kanggo nyengkuyung dhata dhasar (Sudaryanto, 1998:44). Sakabehe kasunyatan kang bisa didadekake sarana kanggo nyusun salah sijine pawarta utawa cathetan kang banjur diolah panliti kanggo asile panliten diarani dhata. Dhata kang asipat bener, yaiku dhata kang kudu jumbuh marang kasunyatan kang ana lan ora diowah-owahi (Mursidin, 2010:169).

Dhata dhasare ing panliten iki awujud teks tulis kang kalebu basa Jawa dialeg Suroboyoan, yaiku basa Jawa wetan kang kalebu basa kang kasar ketimbang basa Jawa liyane. Dhata ing panliten iki mligine mung dhata tulis, jalaran basa kang dienggo yaiku basa tulis sajrone medhia sosial instagram. Dhata tulis luwih dipercaya jalaran nduweni struktur luwih sampurna, mula panliten iki mung mligi nganggo basa tulis.

3.2.3 Instrumen Panliten

Panliten ngenani Campur Kode Basa Jawa Dialek Suroboyoan sajrone Medhia Sosial Instagram @tumblrSuroboyo iki, ora bisa nglirwakake kang jenenge instrumen panliten. Arikunto (1998:126) njlentrehake instrumen minangka pirantine panliten supaya metodhe-metodhe kang dijupuk bisa gumathuk. Instrumen panliten iki nduweni kalungguhan utawa daya piguna kang wigati banget, panliten iki bisa ditindakake amarga anane instrumen panliten. Instrumen utama panliten iki yaiku ukara lan tembung-tembung kang ana ing medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo kang arupa basa dialeg Suroboyoan. Instrumen liya kang nyengkuyung instrumen utama yaiku kartu dhata lan piranti tulis.

Dhata tulis ing panliten iki dienggo kanggo nglumpukake dhata kang ana ing medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo. Dhata kang dikumpulake arupa *screenshot postingan*. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggane panliti ngumpulake dhata. Piranti kasebut awujud (1) buku,

buku kang digunakake yaiku buku refrensi lan buku tulis, (2) pulpen, minangka piranti kanggo nulis bab-bab kang wigati, (3) *Laptop*, piranti kanggo ngetik dhata lan ngedhit asile panliten, lan (4) *Handphone (Hp)*, piranti kanggo jupuk dhata ing medhia sosial instagram kanthi cara *screenshot*.

3.3 Tata Cara Panliten

Tata carane panliten iki, yaiku (1) cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, lan (3) tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata.

3.3.1 Tata Carane Nglumpukake Dhata

Metodhe kang digunakake ing panliten iki kanggo nglumpukake dhata nggunakake Teknik cathet. Kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki diwiwiti kanthi cara nyathet ukara kang kalebu basa Jawa dialeg Suroboyoan ing medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo. Miturut Mahsun (2005:93) Teknik cathet yaiku nyathet dhata-dhata kang wigati. Teknik cathet digunakake miingka wujud tumindak nyathet dhata ing kartu dhata kang wis kacawiskake lan digayutake siji-siji utawa ngandharake dhata kasebut (Sudaryanto. 1998:23). Teknik cathet ing kene digunakake kanggo nyathet ukara-ukara kang arep diteliti yaiku basa Jawa dialeg Suroboyoan. Sabanjure Teknik cathet ditulis ing kartu dhata. Andharan ing ngisor iki ngenani tata carane nglumpukake dhata:

- (1) Nglumpukake lan maca tembung-tembung lan ukara-ukara basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo.
- (2) Dhata kang kalebu basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram @tumblrSuroboyo dicathet lan diklumpukake.
- (3) Dhata tulis awujud ukara-ukara kang kalebu basa Jawa dialeg Suroboyoan kang wis dicathet mau banjur diklompokake miturut wujud campur kode kang ana ing objek dhata miturut teori campur kode.
- (4) Dhata kang wis diklasifikasikake miturut jenis tembung banjur diwenehi kode kanggo nggampangake panliten.

CK = Campur Kode

TS = TumblrSuroboyo

01,02,03= Nomor urut dhata

TBT = Tanggal/Bulan/Taun

T = Tembung

F = Frasa

K = Klausa

3.3.2 Tata Carane Njlentrehake Dhata

Metodhe kang digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata, yaiku metodhe padan. Metodhe padan digunakake kanggo ngandharake panliten iki amarga basa kang diteliti nduweni sesambungan karo babagan ing jabane basa kang gegayutan. Metodhe iki diandharake

sajrone siji Teknik dhasar, yaiku Teknik pilah unsure panemu (PUP) kanthi nggunakake daya pilah tradisional. Daya pilah translational mujudake daya pilah kang digunakake sajrone nganalisis basa kanthi perangan panemtu, yaiku basa liya. Perangan pilah kang digunakake minangka pedoman translit basa, yaiku kamus Indonesia-Jawa lan kamus Jawa-Indonesia lan bisa uga nganggo kamus basa Suroboyoan. Tetembungan kang mujudake penyimpangan sajrone campur kode kang awujud basa Jawa lan basa liya ing basa Jawa dialeg Suroboyoan, dianalisis lan dipadhaake kanthi trep.

3.3.3 Tata Carane Nyuguhake Dhata

Tata carane nyuguhake dhata sajrone panliten iki, yaiku asil analisis dhata kang diteliti karo panliti. Disuguhake awujud laporan tulis ngenani wujud campur kode kang arupa penyimpangan kang awujud sisipan tembung, frasa, klausa lan ukara kang ana ing basa Jawa dialeg Suroboyoan. Dhata kang diklumpukake ing panliten iki, yaiku tetembungan kang nduweni unsur campur kode ing basa Jawa dialeg Suroboyoan.

Cara nyuguhake dhata iki kanthi informal. Tata cara nyuguhake dhata kanthi informal, yaiku menehake analisis dhata kanthi nggunakake tembung-tembung lan ukara-ukara kang lumrah (Sudaryanto, 1998:45). Tata cara nyuguhake dhata kang digunakake ing panliten iki, yaiku tata cara nyuguhake dhata kanthi cara informal, jalaran panliten iki anggone nyuguhake dhata nggunakake tembung-tembung kang lumrah bisa dimangerteni lan dipahami karo kang maca.

ANDHARAN

4.1 Wujud Campur Kode

Campur kode mujudake sawijine kedadeyan sajrone bebasan ing ngendi panutur nggunakake rong kode basa utawa luwih kang arupa sisipan kang ora nduweni fungsi dhewe. Miturut Abdul Chaer lan Leoni Agustina (2004:116-117) menawa wujud campur kode bisa arupa campuran serpihan tembung, frasa lan klausa ing sawijine bas aliya kang digunakake. Intine, ana sawijine basa kang digunakake, inging ing sajrone ana serpihan-serpihan saka basa liya, andharan ana ing ngisor iki:

4.1.1 Sisipan Unsur kang Awujud Tembung

Wujud campur kode ing sisipan tembung ana ing ngisor iki:

4.1.1.1 Sisipan Unsur Tembung Basa Indonesia

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 61 sisipan unsur tembung kang awujud basa Indonesia sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(01) Kang isok garakno bingung perasaanmu.
(CK/TS/03/30-07-2019/T)

Ing dhata (01) ana tembung “perasaanmu” ing ukara “Kang isok garakno bingung perasaanmu”. Ing kene

wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga tembung “perasaanmu” kalebu basa Indonesia. Tembung “perasaanmu” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud tembung kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Ana panulisan kang salah yaiku tembung “isok” lan “garakno”, panulisan kang bener yaiku “bisa/isa” lan “garakna”. Tembung “perasaanmu” kang kalebu basa Indonesia kuwi bisa diganti ing tembung basa Jawa “atimu”.

4.1.1.2 Sisipan Unsur Tembung Basa Jawa Dialek Suroboyoan

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 41 sisipan unsur tembung kang awujud basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(02) Rek, kon tau gak ngeroso
(CK/TS/04/31-07-2019/T)

Ing dhata (02) ana tembung “rek/arek” ing ukara “rek, kon tau gak ngeroso”. Ing kene wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga tembung “rek/arek” kalebu basa Jawa dialeg Suroboyoan. Saliyane tembung “rek/arek” ing ukara kasebut uga ana tembung “kon”. Tembung “kon” uga bisa nambahi bukti yen ukara kasebut kalebu campur kode wujud tembung. Tembung “kon” kuwi uga saka basa Jawa dialeg Suroboyoan. Saliyane tembung “rek/arek” lan tembung “kon” ing ukara kasebut uga ana tembung “gak”. Tembung “gak” uga bisa nambahi bukti yen ukara kasebut kalebu campur kode wujud tembung. Tembung “gak” kuwi uga saka basa Jawa dialeg Suroboyoan. Tembung “rek/arek”, tembung “kon” lan tembung “gak” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud tembung kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Ana panulisan kang salah yaiku tembung “ngeroso”, panulisan kang bener yaiku “ngerasa”.

4.1.1.3 Sisipan Unsur Tembung Basa Akang

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 12 sisipan unsur tembung kang awujud basa akang sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(03) Moodku dino iki:
(CK/TS/13/08-10-2019/T)

Ing dhata (03) ana tembung “mood” ing ukara “moodku dino iki:”. Ing kene wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga tembung “mood” kalebu basa akang (basa Inggris). Tembung “mood” kang artine ing basa Indonesia yaiku “suasana hati”. Tembung “mood” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud tembung kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Ana panulisan kang salah yaiku tembung “dino”, panulisan kang bener yaiku “dina”.

4.1.2 Sisipan Unsur kang Awujud Frasa

Campur kode bisa kedadeyan ing tataran frasa. Wujud campu kode awujud frasa ana ing ngisor iki :

4.1.2.1 Sisipan Unsur Frasa Basa Indonesia

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 19 sisipan unsur frasa kang awujud basa Indonesia sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(04) Suwun, gae perhatianmu selama iki.
(CK/TS/02/29-07-2019/F)

Ing dhata (04) ana frasa “perhatianmu selama” ing ukara “suwun, gae perhatianmu selama iki”. Ing kene wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga frasa “perhatianmu selama” kalebu basa Indonesia. Frasa “perhatianmu selama” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud frasa kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Ana panulisan kang salah yaiku tembung “suwun” lan “gae”, panulisan kang bener yaiku “nuwun” lan “gawe”.

4.1.2.2 Sisipan Unsur Frasa Basa Jawa Dialek Suroboyoan

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ora ditemokake sisipan unsur Frasa kang awujud basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone basa Jawa.

4.1.2.3 Sisipan Unsur Frasa Basa Akang

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 1 sisipan unsur frasa kang awujud basa akang sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(05) Tapi move on e angel :)
(CK/TS/18/12-10-2019/F)

Ing dhata (05) ana frasa “move on” ing ukara “tapi move on e angel”. Ing kene wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga frasa “move on” kalebu basa akang (basa Inggris). Frasa “move on” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud frasa kang nyisipi ing ukara basa Jawa.

4.1.3 Sisipan Unsur kang Awujud Klausa

Wujud campur kode kang awujud klausa ana ing ngisor iki:

4.1.3.1 Sisipan Unsur Klausa Basa Indonesia

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 3 sisipan unsur klausa kang awujud basa Indonesia sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(06) Ben awakmu ero nek ‘rasa tak pernah bohong’
(CK/TS/49/29-11-2019/K)

Ing dhata (06) ana klausa “rasa tak pernah bohong” ing ukara “ben awakmu ero nek ‘rasa tak pernah bohong’”. Ing kene wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga klausa “rasa tak pernah bohong” kalebu basa Indonesia. Klausa “rasa tak pernah bohong” uga kalebu campur kode awujud klausa kang arupa baster. Frasa “rasa tak pernah bohong” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud

klausa kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Ana panulisan kang salah yaiku tembung “ero”, panulisan kang bener yaiku “weruh/eruh”.

4.1.2.2 Sisipan Unsur Klausa Basa Jawa Dialek Suroboyoan

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ora ditemokake sisipan unsur Frasa kang awujud basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone basa Jawa.

4.1.2.3 Sisipan Unsur Klausa Basa Akang

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 3 sisipan unsur frasa kang awujud basa akang sajrone basa Jawa kayata ing ngisor iki:

(07) I love you tapi boong.
(CK/TS/61/15-12-2019/K)

Ing dhata (07) ana klausa “I love you” ing ukara “I love you tapi boong”. Ing kene wis bisa diarani kedadeyan campur kode amarga klausa “I love you” kalebu basa akang (basa Inggris). Klausa “I love you” kang ana ing sawijine ukara ing dhuwur mujudake salah sawijine campur kode awujud klausa kang nyisipi ing ukara basa Jawa.

4.2 Sebab Anane Kedadeyan Campur Kode

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo ditemokake 62 dhata kang ana wiwit wulan Januari 2019 nganti wulan Desember 2019 awujud campur kode.

4.2.1 Ngenalake Budaya

Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo nyisipake saperangan tembung kang ana sajrone caption e gawe ngenalake saperangan tembung basa Jawa dialeg Suroboyoan. Ing ngisor iki tuladhane campur kode kang nduweni tujuwan gawe ngenalake basa Jawa dialeg Suroboyoan:

(08) eh cok kaget e a i u, aku mari teko sego penyetan prapatan
(CK/TS/12/17-03-2019/F)

Ing dhata (08) ana ukara “eh cok kaget e a i u, aku mari teko sego penyetan prapatan”. Ukara kasebut ana tembung “cok” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud tembung. Sebab anane kedadeyan campur kode awujud tembung menika amarga paraga utawa admin instagram @tumblr_suroboyo pengin ngenalake budaya basa Jawa dialeg Suroboyoan. Tembung “cok” biyasa digunakake dening pawongan Kutha Surabaya, amarga kuwi dadi ciri khas Kutha Surabaya. Tembung “cok/jancok” akeh maknane dumentung ukara kang dituturake. Yen pawongan Surabaya dhewe wis biyasa cecaturan nganggo tembung “cok”. Nanging uga ana kang nduweni pamikiran kuwi tembung kang ala.

4.2.2 Pamilihing Tembung kang Gampang

Ing medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo nyisipake saperangan tembung kang ana sajrone basa Indonesia lan basa akang (basa Inggris) ing caption e

amarga saperangan tembung kang gampang dieling. Ing ngisor iki tuladhane campur kode kang sebab e amarga pamilihe tembung kang gampang dieling utawa diucapake:

(09) Wong kang tak spesialno malah kang sering ngecewakno.

(CK/TS/10/28-01-2019/F)

Ing dhata (09) ana ukara “wong kang tak spesialno malah kang sering ngecewakno”. Ukara kasebut ana tembung “spesial” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud tembung. Sebab anane kedadeyan campur kode awujud tembung menika amarga paraga utawa admin instgram @tumblr_suroboyo milih tembung kang gampang dituturake. Tembung “spesial” kalebu basa akang (basa Inggris) kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Tembung “spesial” ing basa Indonesia dadi “istimewa”. Luwih gampang tembung “spesial” tinimbang “istimewa” bilih kalebu ing ukara kasebut.

4.2.3 Watesan Padhanan Tembung

Saben basa nduweni watesan sajrone saperangan tembung, basa Indonesia lan basa Jawa uga nduweni watesan tembung. Ing medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo uga nyisipake saperangan tembung sajrone basa Inggris ing caption e gawe nunjukake kabisan nggunakake basa Inggris. Ing ngisor iki tuladhane campur kode kang sebab e amarga watesan padhanan tembung:

(10) Tiwas berjuang tibakno dee wes ngilang.

(CK/TS/07/14-01-2019/F)

Ing dhata (10) ana ukara “tiwas berjuang tibakno dee wes ngilang”. Ukara kasebut ana tembung “berjuang” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud tembung. Sebab anane kedadeyan campur kode awujud tembung menika amarga paraga utawa admin instgram @tumblr_suroboyo watesan padhanan tembung. Tembung “berjuang” kalebu basa Indonesia kang nyisipi ing ukara basa Jawa. Pamilihing saliyané tembung “berjuang” uga ora ana ing basa Jawa.

4.2.4 Pengalusan Tuturan

Ing medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo uga nyisipake saperangan tembung sajrone caption e gawe ngapiki tuturan. Ing ngisor iki tuladhane campur kode kang sebab e gawe ngalusake tuturan:

(11) Akhire aku isok nrimo kepergianmu ‘tapi’ terpaksa. hehe :(

(CK/TS/16/29-03-2019/K)

Ing dhata (11) ana ukara “Akhire aku isok nrimo kepergianmu ‘tapi’ terpaksa. hehe :(. Ukara kasebut ana klausa “kepergianmu ‘tapi’ terpaksa” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud klausa. Sebab anane kedadeyan campur kode awujud klausa menika amarga paraga utawa admin instgram @tumblr_suroboyo pengin ngalusake tuturan ing mitra tutur. Klausa

“kepergianmu ‘tapi’ terpaksa” kalebu basa Indonesia kang nyisipi ing ukara basa Jawa.

4.3 Fungsi Campur Kode

Panutur nggunakake basa miturut fungsi kang nduweni tujuan, konteks, lan swasanane. Ing ngisor iki saperangan fungsi campur kode sajrone medhia sosial instagram @tumblr_suroboyo:

4.3.1 Nunjukake Intelektual

Fungsi kang nunjukake intelektual nduweni tujuan panutur gawe nunjukake kabisanan sajrone penguasaan basa. Ing ngisor iki yaiku tuladhane campur kode kang nduweni fungsi nunjukake intelektual:

(12) Sek enakan dinner karo awakmu. Tapi kapan?

(CK/TS/20/08-05-2019/T)

Ing dhata (12) ana ukara “sek enakan dinner karo awakmu. Tapi kapan?”. Ukara kasebut ana tembung “dinner” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud tembung. Fungsi campur kode awujud tembung menika kanggo nunjukake intelektual ing basa akang (basa Inggris) sajrone pamilih tembung “dinner” tinimbang tembung “makan malam” ing basa Indonesia. Luwih manteb tembung “spesial” tinimbang “istimewa” sajrone pamilih tembung bilih kalebu ing ukara kasebut.

4.3.2 Ngajeni Mitra Tutur

Sajrone tuturan, panutur kudu nepakake karo sapa dheweke cecaturan gawe ngajeni mitra tuture. Ing ngisor iki yaiku tuladhane campur kode kang nduweni tujuan ngajeni mitra tutur:

(13) Akhire aku isok nrimo kepergianmu ‘tapi’ terpaksa. hehe :(

(CK/TS/16/29-03-2019/K)

Ing dhata (13) ana ukara “Akhire aku isok nrimo kepergianmu ‘tapi’ terpaksa. hehe :(. Ukara kasebut ana klausa “kepergianmu ‘tapi’ terpaksa” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud klausa. Fungsi campur kode awujud klausa menika kanggo ngajeni mitra tutur. Klausa “kepergianmu ‘tapi’ terpaksa” kalebu basa Indonesia kang nyisipi ing ukara basa Jawa.

4.3.3 Negesake Samubarang Pamikir

Panutur nduweni tujuan nyampurake kode yaiku gawe yakinake mitra tutur ngenani pamikire. Ing ngisor iki yaiku tuladhane campur kode kang nduweni fungsi negesake samubarang pamikir:

(14) eh cok kaget e a i u, aku mari teko sego penyetan prapatan

(CK/TS/12/17-03-2019/T)

Ing dhata (14) ana ukara “eh cok kaget e a i u, aku mari teko sego penyetan prapatan”. Ukara kasebut ana tembung “cok” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud tembung. Fungsi campur kode

awujud tembung menika kanggo negesake samubarang pamikir. Tembung “cok” digunakake amarga panutur kaget. Nanging tembung “cok/jancok” uga akeh maknane dumentung ukara kang dituturake.

4.3.3 Bangkitake Rasa Humor

Panutur nduweni tujuwan nyampurake kode yaiku gawe bangkitake rasa humor marang mitra tutur. Ing ngisor iki yaiku tuladhane campur kode kang nduweni fungsi bangkitake rasa humor:

(15) Kon iku koyok the pu*cuk harum, ‘manisnya pas’

(CK/TS/57/08-12-2019/F)

Ing dhata (15) ana ukara “Kon iku koyok the pu*cuk harum, ‘manisnya pas’”. Ukara kasebut ana frasa “manisnya pas” kang jalari ukara kasebut kedadeyan campur kode awujud frasa. Fungsi campur kode awujud frasa menika kanggo bangkitake rasa humor. Frasa “manisnya pas” digunakake amarga panutur guyoni mitra tutur ngenani rasane. Luwih manteb frasa “manisnya pas” tinimbang “legine pas” sajrone pamilih frasa bilih kalebu ing ukara kasebut.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Kedadeyan campur kode kang ana sajrone panliten iki kang awujud tembung ana 114 kedadeyan campur kode kang awujud tembung. Kedadeyan campur kode kang awujud frasa ana 21 kedadeyan lan campur kode kang awujud klausa ana 6 kedadeyan ing basa Indonesia, basa Jawa dialeg Suroboyoan lan basa akang (basa Inggris). Sebab anane kedadeyan campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo yaiku, ngenalake budaya, pamilihe tembung kang gampang, watesan padhanan tembung lan pengalusan tuturan. Fungsi campur kode basa Jawa dialeg Suroboyoan sajrone medhia sosial Instagram @tumblr_suroboyo yaiku, nunjukake intelektual, ngajeni mitra tutur, negesake samubarang pamikir, lan bangkitake rasa humor.

5.2 Pamrayoga

Panliten kanthi irah-irahan “Campur Kode Basa Jawa Suroboyoan sajrone Medhia Sosial Instagram @tumblr_suroboyo” iki isih akeh kang during diteliti kanthi rowa. Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan, kurange dhata kang luwih kompleks lan maneka warna nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panliti sadhar, ing panliten iki isih akeh cacad lan kurange, mula panliten ngenani campur kode basa Jawa Suroboyoan sajrone medhia sosial instagram isih bisa dirembakakake kanthi luwih njlimet.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, Chaedar. 2011. *Linguistik Suatu Pengantar*. Bandung: Angkasa.
- Arifin, Zaenal dan Junaiyah. 2009. *Morfologi: Bentuk, Makna dan Fungsi*. Jakarta: Grasindo.
- Auzar dan Hermendra. 2007. *Sosiolinguistik*. Pekanbaru: Cendekia Insani.
- Basir, Udjang Pairin. 2002. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Unesa University Press.
- Basir, Udjang Pairin. 2010. *Sosiolinguistik*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Agustina L. 2010. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Agustina L. 2010. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Kridalaksana, Harimurti. 1989. *Pembentukan Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Wiwara Pengantar Bahasa dan Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Gramedia pustaka Utama.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT.Rajagrafindo Persada.
- Parera, J.D. 2009. *Dasar-dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga.
- Parwadi. 2004. *Kamus Jawa-Indonesia Populer*. Yogyakarta: Media Abadi.
- Prawiroatmojo, S. 1981. *Bausastra Jawa-Indonesia*. Jakarta: Gunung Agung.
- Ramlan, M. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV. Karyono.
- Sarwono, Jonathan. 2006. *Metode Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Subagya, Rahmad. 2014. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: University Press.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa-Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sugiyono. 2011. *Metode Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sumarsono, P.P. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda.
- Suwito. 1983. *Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori dan Praktik*. Surakarta: Henary Offset.
- Suwito, Mangun. 2002. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: CV. Gramawidya.
- Rohmadi, M dan Dewa I. 2013. *Sosiolinguistik Kajian Teori Dan Analisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Veerhar, J. W. M. 1990. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta. Gajah Mada University Press.

- Surana, S. 2015. Et Al. Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor. Diss Universitas Gadjah Mada. [Online] http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=penelitian_detail&sub=PenelitianDetail&act=view&typ=html&buku_id=87892&obyek_id=4 dideleng 26 Februari 2020
- Surana, S. 2017. Aspek Sosiolinguistik Dalam Stiker Humor. Lokabasa, 8(1), 86-100. [Online] http://www.academia.edu/35269458/Aspek_Sosiolinguistik_dalam_Stiker_Humor_-_Lokabasa_UPL.pdf dideleng 26 Februari 2020
- Antony Mayfield sajrone www.gurupendidikan.co.id dideleng tanggal 13 Oktober 2019.
- Sam Decker sajrone www.gurupendidikan.co.id dideleng tanggal 13 Oktober 2019.

